# «Zúráát bayramı»: Palwan hám shabandoz ushın bas bayraqqa qoyılǵan Lasetti «Gentra» kimlerge nesib etti

Búgin, 19-dekabr kúni paytaxtımız Nókis qalasındaǵı atshabar maydanında «Awıl xojalıǵı xızmetkerleri kúni» sheńberinde «Zúráát bayramı» bolıp ótti.

Atshabar maydanınıń aldına qara úyler tigilip, awıl xojalıǵı ónimleriniń kórgizbesi, bayram koncertleri shólkemlestirilgen bolsa, bayramǵa jıynalǵan xalqımız dáslep arqan tartıs oyının tamashaladı.

Arqan tartıs boyınsha 1-orındı Shımbay rayonı wákilleri jeńip aldı.

Sonday-aq, bayram sheńberinde qoshqar dúgistiriw tamashaları da dawam etti.

Bayram tamashaları sheńberinde Qaraqalpaqstannıń bas palwanları qatnasıwındaǵı bellesiwlerge bas bayraq – Lasetti «Gentra» avtomobili qoyıldı.

Barlıq qarsılasların jeńip, bas bayraqqa talaban bolǵan eki palwan –Shomanay rayonınan Miyirbek palwan hám Zarapat palwanlar óz ara bellesti. Onda Zarapat palwannıń qolı bálent kelip, Bas bayraq – Lasetti «Gentra» avtomobilin jeńip aldı.

Sonıń menen 5 aylaw, 7 aylaw hám 10 aylawǵa at jiberildi. 10 aylawdıń bas bayraǵı Lasetti «Gentra» Tashkent qalasınan kelgen shabandozǵa nesib etti.

Tómende siz usı ilajlardan tayarlanǵan fotoreportajdı tamashalawıńız múmkin.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown